# 17 septanm

### Se grasak lafwa, ki fè nou konprann se pawòl Bondye ki fòme linivè. Ebre 11.3

#### Nan tren an

Nou nan 19èm syèk. Yon mesye ki yon jan granmoun chita nan tren an ap li Bib li. Gen yon jèn etidyan ki chita akote l, li te pèdi nan lekti yon liv syantifik espesyalize. Nan yon ti tan, jenn gason an mande vwazen li an: – Eske ou kwè nan vye liv plen blag ak lejann sa a toujou?

- Men wi, byensi, paske se pa yon liv lejann, se Pawòl Bondye! Etidyan an reponn:
- Vrèman, ou ta dwe tikras enterese nan istwa! Nan moman revolisyon an, sa gen mwens pase santan, yo te demaske relijyon tankou yon ilizyon! Se sèlman moun san edikasyon ki kwè ke se Bondye ki te kreye lemonn ak pawòl li. Ou ta dwe konnen kisa lasyans di sou kreyasyon an.
- Vwazen li an reponn li, ebyen, kisa savan jounen jodi a di sou sa ?
- M pral desann tren an nan yon ti tan, m pa gen tan ankò pou m eksplike tout sa an detay. Men ban m adrès ou, m a voye liv syantifik sou kesyon sa yo pou ou.

Menm lè a, granmoun nan rale bous li epi li bay jenn gason an kat vizit li. Jenn gason an li l, e menm lè a li santi l pi piti pase yon foumi. Li desann tren an tèt atè.

Sou kat li a nou te ka li:

Pwofesè Lwi Pastè

Direktè Enstiti Pastè.

## 17 septembre

Par la foi, nous comprenons que les mondes ont été formés par la parole de Dieu. Hébreux 11.3

#### Dans le train

Nous sommes au 19<sup>e</sup> siècle. Un monsieur d'un certain âge est assis dans le train et lit sa Bible. À côté de lui se trouve un jeune étudiant, plongé dans la lecture d'un ouvrage scientifique spécialisé. Au bout d'un moment, le jeune homme demande à son voisin : – Est-ce que vous croyez encore à ce vieux livre plein de fables et de contes?

- Mais oui, bien sûr, car ce n'est pas un livre de fables,
  c'est la Parole de Dieu! L'étudiant rétorque:
- Vraiment, vous devriez vous intéresser un peu à l'histoire! Au temps de la Révolution, il y a moins de cent ans, la religion a été démasquée comme étant une illusion! Il n'y a que les gens incultes qui croient encore que Dieu a créé le monde par sa parole. Vous devriez vous renseigner sur ce que dit la science à propos de ce conte de la création.
- Eh bien, répond son voisin, que disent donc les savants d'aujourd'hui sur ce sujet ?
- Je descends du train dans un instant, je n'ai donc plus le temps de vous expliquer cela en détail. Mais donnezmoi donc votre adresse, je vous enverrai de la littérature scientifique sur ces questions.

Là-dessus, le vieux monsieur ouvre son portefeuille et donne sa carte de visite au jeune homme. Celui-ci la lit, et se sent tout à coup plus petit qu'une fourmi. Il quitte le train, tête basse.

On pouvait lire sur la carte : Professeur Louis Pasteur Directeur de l'Institut Pasteur.